



Distansyasyon Sosyal pou Maladi Atrapan

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov

Yo pran mezi distansyasyon sosyal yo pou mete limit konsènan kilè ak kikote moun kapab rasanble dekwa pou sispann oswa pou ralanti pwopagasyon maladi atrapan. Mezi distansyasyon sosyal yo gen ladan limite gwo gwoup moun ki reyini, fèm ti bilding ak anile evènman.

Pwoteje tèt ou ak kominote ou.

Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn, espesyalman apre ou sot nan twalèt, anvan ou manje, epi apre ou fin mouche nen ou, touse oswa etènye.

Si ou pa gen savon ak dlo, sèvi ak yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl.

Evite kontak pwòch avèk moun ki malad, epi rete lakay ou lè ou malad.



Chanje abitud toulejou ou.

Evite fè makèt nan èdtan ankonbreman yo epi pwofite de sèvis detayan yo pou livrezon oswa vin chèche.



Kolabore avèk travay ou.

Kolabore avèk direksyon an pou chanje pratik konpayi an, mete anplas plan chanjman ki fleksib, fè anplwaye yo travay adistans anliy, epi anile nenpòt gwo reyinyon oswa konferans.




Chèche kominikasyon nan inivèsite ak kolèj yo:

Konsènan sispansyon klas yo, fè fòmasyon ki baze entènèt epi anile tout gwo reyinyon ak rasanbleman nan kanpis yo.




Kenbe omwen sis pye distans ant oumenm ak lòt moun.

Evite bay lanmen kòm salitasyon sosyal.



Evite transpò piblik si sa posib.

Pa vwayaje nan zòn ki gen epidemi aktif.



Evite kote ki chaje ak moun.

Evènman espòtif, festival kominotè, ak konsè.



Jwenn plis enfòmasyon:

tinyurl.com/CDCgatherings

tinyurl.com/FLcdcprevention